



POTANSYÈL YO PA EKSPLOWATE AN AYITI:

**Yon evalyasyon sou baryè ki
genyen pou rive nan egalite
fanm ak gason**



WORLD BANK GROUP

© 2023 Bank entènasyonal pou rekonstriksyon ak devlopman/ Bank mondyal

1818 H Street NW Washington DC 20433

Telefòn : 202-473-1000

Entènèt : www.worldbank.org

Ouvraj sa se rezilta travay ekip Bank mondyal la ak lòt kontribisyon ekstèn li jwenn. Rezilta, entèpretasyon ak konklizyon ki nan ouvraj sa a pa nesèsman reflekte opinyon Bank mondyal ak konsèy administrasyon l lan oubyen gouvènman li reprezante yo.

Bank mondyal pa bay okenn garanti sou egzaktitid, entegrite ak aktyalite done ki parèt nan travay sa a epi li pa asime okenn responsabilite pou erè, bagay ki manke oubyen divèjans nan enfòmasyon oubyen responsabilite nan sa ki konsènen itilizasyon ou pa enfòmasyon sa yo, metòd, pwosesis oubyen konklizyon ki fèt yo. Fwontyè yo, koulè, denominasyon yo ak lòt enfòmasyon ki parèt sou kat yo nan travay sa a pa gen anyen pou wè ak okenn jijman Bank mondyal nan sa ki gen pou wè ak estati jiridik yon kèlkonk teritwa menm jan tou pou apwobasyon oubyen akseptasyon fwontyè li yo.

Pa gen anyen nan dokiman sa a ki kapab sèvi, ni entèprete oubyen konsidere kòm yon limitasyon nan privilèj ak iminite Bank mondyal yo, ki yo tout espesyalman rezève pou li.

Dwa ak otorizasyon

Materyèl travay sa gen pwoteksyon dwa otè. Kòm Bank mondyal ankouraje difizyon konensans li yo, yo kapab repwoudi ouvraj sa a, nan entegralite l oubyen an pati, pou kesyon komèsyal a kondisyon li bay tout dwa pou sa.

Tout kesyon sou dwa yo ak lisans yo, ladan yo dwa sibzidyè yo, dwe adrese a *World Bank Publications, The World Bank Group, 1818 H Street NW, Washington, DC 20433, USA*; fax : 202-522-2625; e-mail: pubrights@worldbank.org

Remèsiman

Se ekip Bank mondyal la ki ap travay sou kesyon povrete ak pratik mondyal ekite ki gen nan tèt li Gustavo Javier Canavire Bacarreza, Isis Gaddis ak Olive Nsababera ki prepare etid sa a. Ekip la te gen ladan li Paola Buitrago Hernandez, Erin K. Fletcher, Marlen Cardona ak Melissa Badio, ak kontribisyon Sarah Sebbar ak Naraya Carrasco. Travay sa a te fèt sou direksyon Lilia Burunciuc, Direktris Peyi pou peyi Karayib yo; Ximena del Carpio (ansyen Responsab pwogram sou Povrete mondyal ak Pratik ekite yo), ak Carlos Rodriguez Castelan Responsab pwogram sou Povrete mondyal ak Pratik ekite yo; Laurent Msellati, reprezantan rezidan; Javier Suarez, Chèf pwogram pou Ekite, Finans, ak Enstitisyon yo ak Timothy A. Johnston Chèf pwogram pou Devlopman imen.

Ekip te jwenn bon jan konsèy ak bon jan kòmantè nan men Miriam Muller ak Daniel Kirkwood, menm jan an tou nan men espesyalis nan sektè Bank mondyal yo, ki te konsewva rekòmasyon politik jeneral yo defini nan rapò sa a: Cornelia Tesliuc, Malaika Becoulet, Xavier Espinet Alegre, Manuel Contreras Urbina, Mariana Vijil, Marvin Ploetz, Naraya Carrasco, Viviana Sandoval Sierra, Niki Angelou, Stephanie Nsom, Quynh Nguyen, Axelle Latortue, ak tou reprezantan divès enstititsyon tankou: *UN Women*, *UNFPA*, *Neges Mawon*, *WE ARE WOMEN ORG*, *Refuge des femmes*, *Ligue Haïtienne des Femmes pour le Renouveau*, *Plateforme Genre du Nord-Ouest*, *Mouvement des Femmes visionnaires d'Haïti* et *la Chambre de Commerce des Femmes d'Haïti*. Pamela Gunio te sipèvizè pwosesis administratif la ak èd Iris Teluska; Sara Ochoa te anchaj pou fè konsepsyon an.

Rezime analitik

Pandan le mond antye t ap okipe l de kesyon mòtalite, presyon sou sistèm sante ak konsekans ekonomik pandemi COVID-19 la, Ayiti, vin mete sou tranblemandtè yo, t ap pran gwo brimad siklòn ak boulvèsman politik nan dènye ane sa yo. Chòk sa yo vin mete apse sou klou bann ak pakèt frajilite ki te deja la yo, sa ki vin agrave danje pou moun majinalize yo, vilnerab yo epi retade pwogrè sou egalite fanm ak gason. Evalyasyon sou kesyon egalite fanm ak gason sa a ap eseye dekri sitiyasyon ki gen pou wè ak disparite ak inegalite ant gason ak fanm an Ayiti aprè peryòd difisil sa a. Tradisyonèlman, Ayiti gen anpil reta pa rapò a lòt peyi vwazen l yo nan basen karayib la nan sa ki gen pou wè ak egalite fanm ak gason. E dènye evènman ki sot pase la yo vin anpire inegalite ki te deja la yo. Evalyasyon sa a pote yon rega lajman laj e an pwofondè sou Ayiti, malgre se nan yon kontèks kote pa gen aksè ak ase done. Li baze sou divès sous done pou l ka idantifye eka ak inegalite ant gason ak fanm ki ta kapab sèvi kòm opòtinite ak pwen depa pou elaborasyon politik jeneral ki ap gen pou fèt yo.

Pi gwo pati nan evalyasyon sa a egzamine dotasyon kapital imen, opòtinite ekonomik yo, vwa ak aksyon yo, selon liy Etid devlopman mondial 2012 (Bank Mondyal 2012) menm jan ak estrateji pou Fanm ak gason gwoup Bank mondyal la (Bank mondyal 2016). Dezyèm patie rapò sa a analize chak grenn nan 4 sijè prensipal yo an detay, pou idantifye disparite yo ak baryè yo pou rive nan egalite fanm ak gason. Travay sa a fèt nan analize done eki soti nan bon jan dokiman.

Plizyè obsèvasyon kle parèt nan premye pati a, oubyen nan bilan an, prensipalman pou montre fanm yo dezavantaje nan plizyè domèn, an menm tan gen anpil risk pou yo pase ti gason yo dèyè tou. Men kèk gwo konsta:

- An jeneral, nivo edikasyon Ayisyen yo fèb, sepandan eka pou kesyon fi ak gason nan enskripsyon eskolè nan nivo segondè ak nan ansèyman siperyè yo envèse nan nivo ki pi wo yo, avèk yon to dekwochaj eskolè ki pi wo kay ti gason yo, sa ki rann yo pi vilnerab nan sa ki gen pou wè ak risk ki lye a yon fèb nivo edikasyon.
- Avèk yon risk desè matènèl 1 sou 67 (2017), fanm yo an Ayiti plase nan dezyèm ran nan sa ki gen pou wè ak to mòtalite matènèl ki pi wo nan mond

lan an deyò de Afrik sibzaaryèn (aprè Afghanistan). Avèk yon risk 1 sou 67 poul mouri pandan tout vi l (an 2017).

- Selon dènye done ki disponib yo (an 2017), yon fanm sou 4 ki gen ant 15 a 49 lane te sibi vyolans nan men patnè intim li epi anpil fanm pa kabab pran pwòp desizyon yo pou kesyon swen sante yo ak depans yo.

Lè n al founi je gade sou analiz sibler a, premye analiz apwofondi a sou aksè ak mache travay la dekri enkonvenyan majè yo fanm yo ap fè fas lè y ap antre sou mache travay la. Non sèlman yon gwo segregasyon sektoryèl sou kesyon fanm ak gason, posibilite pou fanm yo avanse limite akòz nivo fòmasyon yo ki twò ba, travay ki manke nan sektè fòmèl la ak yon pratik enpinite nan sa ki gen pou wè ak kesyon tizonnay. Fòk nou konsidere tou kijan pandemi an diminye patisipasyon fanm yo nan mache travay la. Gen yon aksan patikilye ki pote sou *madan sara* yo, machann sa yo ki ap pote machandiz soti an pwovens pou vini nan mache yo yon fason pou pèmèt anpil moun jwenn pwovizyon, men y ap fè sa anba anpil gwo risk pou pwòp sekirite yo.

Ayiti gen yon anviwònman lejislatif ak reglemantè ki plizoumwen egalite ak plizyè lwa esansyèl ki mete an plas pou apiye egalite fanm ak gason, men manke kodifikasyon ak miz an aplikasyon nan kèk domèn. Ayiti vini apre peyi vwazen l yo nan karayib la nan sa ki gen pou wè ak lejislasyon sou egalite fanm ak gason, e menm lè yo kreye lwa pou ankadre egalite fanm ak gason, aplikasyon yo parèt trè limite. Ayiti gen lwa ki respekte egalite fanm ak gason ki soutni aksè ak byen fonsye ki aktif, ki entèdi tizonnay, ki defini kota fanm ak gason nan administrasyon piblik la e ki menm bay kèk konje matènite. Nan mezi ke Ayisyen mwayen an ka gen rekou jiridik oubyen poul soumèt li anba mezi ekzekisyon yo pwobableman trè fèb, sa ki bloke kapasite lwa sa yo pou kontribye nan ede jwenn de rezilta nan sa ki gen pou wè ak egalite fanm ak gason.

Nòm sosyal yo ak jan chak moun wè egalite fanm ak gason kapab tou dikte konpòtman yo epi fini pa bay kèk rezilta sosyal k ap mennen nan egalite fanm ak gason jiska yon sèten nivo. Nou remake jèn yo plis dakò pou egalite ant fanm ak gason, malgre yo dwe aktyalize done sa yo pou analize tandans lan jodi a.

Yon egzamen sou kòpòteman a risk ak pwoblèm sante sa lakoz rive montre fanm yo plis ka viktim vyolans domestik, gason yo gen konpòtman ki pi riske epi yo gen yon esperans vi ki pi kout. Chif sou kantite gason ki al lekòl bay gwo tèt chaje tèlman l ap degrengole, sa ki redui resèt potansyèl ki ta dwe fèt a lavni yo menm jan ak devlopman, an Ayiti sitou sa bay gwo kè sote, kote abandon eskolè lye ak ogmantasyon to kriminalite ak asosyasyon ak gang. Pou fi yo,

dekwochay eskolè lye ak gwosès avan lè ak maryaj, sa ki gen konsekans sou sante yo. Gason yo plis ekpoze a itilize alkòl ak dwòg tandiske li plis pwobab pou fi yo ak fanm yo viktim de vyolans anba men patnè entim yo.

Diran 15 lane ki sot pase yo, yon seri gwo katastwòf natirèl te frape Ayiti. Bilan dega yo sou plan ekonomik ak imen lou anpil. Nòm sosyal y ap pale de yo a ak inegalite sekirite ekonomik yo koz gwoup ki te deja defavorize vin pi vilnerab ak dezans natirèl. Fanm yo an patikilye vilnerab lè gen katastwòf paske yo manke jwenn aksè ak enfòmasyon, yo manke prepasyon ak planifikasyon enklisif ki fèt pou yo, sante pa yo sèlman, entimite yo, bezwen pou yo jwennabri, ak fèb aksè ke yo genyen ak yon salè fiks, aktif, ak epay ki bloke preparasyon yo. Sitiyasyon jewografik Ayiti ekspoze li ak yon seri dezans natirèl ki deja twòp pou li e fenomèn chanjman klimatik yo agrave sitiyasyon an, sa ki montre aklè bezwen pou detèmine bezwen fanm yo nan sitiyasyon sa yo pou anpeche yo majinalize pi plis toujou.

Amelyore opòtinite pou fanm yo epi redui disparite ant fanm ak gason nesosite de politik jeneral ki byen fèt epi ki jeneralize pou ka fasilite aksè ak mache travay la pou fanm yo, amelyore sekirite ak asirans mendèv menm jan an nan ansanm sosyete a pou fanm antreprenè yo ak pou tout Ayisyen, ankouraje bon kalite edikasyon pou tout moun epi ranfòse ak aplike lwa yo yon fason pou fè pwomosyon pou ekite ak chans pou fanm kou gason. Kontèks aktyèl la rann li difisil pou mete an plas seri politik jeneral sou lontèm yon fason pou ta fè pwogrè pou rive nan nan egalite fanm ak gason, men òganizasyon kap ede yo, òganizasyon fanm yo menm jan ak lòt òganizasyon lokal yo kapab mete an egzekisyon pwogram yo epi ankouraje gouvènman an pou adopte politik jeneral akoutèm kote yo fonksyone yon fason pou aleje kontrent yo pou fanm yo epi rann repons ak dezans yo pi ekite pou gason tankou fanm. Evalyasyon an rewè politik sa yo pi an pwofondè, li mete an evidans politik ki ka fèt yo epi ki demontre yo kapab mete yo an aplikasyon nan sitiyasyon frajil yo, sa ki mande investisman sou lontèm yo ak enstitisyon estab pou mete yo an plas. Mete nouvèl aksan pou asire yo pa neglije gason yo ak ti gason yo se yon bagay ki enpòtan nan elaborasyon politik jeneralize yo. Pa gen resèt oubyen solisyon mirak, men evalyasyon sou fanm ak gason an bay yon zouti deskriptif pou konprann defi ki pral parèt yo.

Referans

World Bank. (2012). World Development Report 2012. Gender Equality and Development. World Bank, Washington, DC. Telechaje l sou: <https://openknowledge.worldbank.org/handle/10986/4391>

World Bank. (2016). Gender Equality, Poverty Reduction, and Inclusive Growth: 2016-2023 Gender Strategy. World Bank, Washington, DC. Telechaje l sou: <https://documents1.worldbank.org/curated/en/820851467992505410/pdf/102114-REVISED-PUBLIC-WBG-Gender-Strategy.pdf>

